

Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN IYÈM FAZ KONPETISYON AKSELERATÈ
LUMINATE NY LA NAN ROCHESTER**

Konpayi Ovitz la ki Baze nan Rochester se Gayan Premye Pri 1 Milyon Dola

*Twa Konpayi Vizyonè Adisyonèl nan Sektè Optik, Fotonik, ak Imajri Sekirize
Envestisman Finansman Konplemantè*

*Envestisman Eta New York la ap Konplemante Inisyativ "Finger Lakes Forward"
lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope
Ekonomi an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Ovitz se gayan llyèm faz konpetisyon inovatè Luminare NY la. Konpayi a ki baze nan Rochester, New York te resevwa premye pri a nan Jounen Demonstrasyon konpetisyon inogiral Luminare NY la ki titre "Limèn Demen avèk Jodi a" ("Light Tomorrow with Today"), ke yo te fè nan tant prensipal nan Festival Jazz Entènasyonal CGI la (CGI International Jazz Festival) nan sant vil Rochester. Konpayi a pral resevwa 1 milyon dola nan finansman konplemantè nan men Eta New York gras a Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative, URI) Finger Lakes Forward la. Jan pri a egzije a, tout gayan konpetisyon an yo pral pran angajman pou yo tabli operasyon yo nan Rochester pandan omwen 18 mwa k ap vini la yo.

"Envestisman estratejik pou favorize teknoloji optik, fotonik, imajri (optics, photonics and imaging, OPI) ap kontinye ranfòse repitasyon rejyon Finger Lakes la kòm kapital mondyal sektè imajri a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Inovasyon ak angajman yo te demontre atravè konpetisyon Luminare NY la ap plis pwouve potansyèl trè gran endistri sa a ak kapasite l genyen pou l vanse ekonomi rejyonal la vè lavan pandan anpil ane k ap vini ankò."

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te sou plas pou selebre akonplisman kòwòt la yo ak pou felisite gayan yo.

"Luminare NY ap fè vanse inovasyon teknolojik yo epi klere chemen an pou rejyon Finger Lakes la swiv", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare.** "Dezyèm faz konpetisyon an kontinye sipòte biznis yo epi devlope endistri teknoloji avanse a, sa k ap kreye travay ak ranfòse ekonomi zòn Rochester a. M ap felisite gayan konpetisyon Luminare NY yo ane sa a. Envestisman nou ap fè nan konpayi fotonik inovan yo ap kontinye vanse inisyativ Finger Lakes Forward la."

[Ovitz](#) te devlope yon inovasyon pèsonalize nan zafè lanti kontak pou amelyore vizyon je k ap grandman amelyore kalite vizyon je moun nan: klate, kontras, ak pèsepsyon pwofondè.

[VPG Medical](#), ki baze nan Rochester tou, te ranpòte dezyèm plas la ki gen yon pri 500,000 dola. Teknoloji HealthKam® li an itilize aparèy entèlijan ak ódinatè pòtab pou pèmèt yo fè siveyans kadyak byen fasil, san pwoblèm pou amelyore estrateji dyagnostik ak terapetik yo. [Lummedica Vision](#), ki baze nan North Carolina, te ranpòte twazyèm plas la, kote yo sekirize 250,000 dola pou teknoloji OQ EyeScope la, ki se yon enstriman medikal pou dyagnostike maladi nan retin ki fasil pou moun achte, transpòte, ak itilize nan tout klinik optometri yo. [Circle Optics](#), ki baze nan Vil New York, te fini an katyèm plas ak yon pri 250,000 dola pou teknoloji ekskliziv li a ki kapte videyo san fot, nan tan reyèl, 360° ak rezolisyon 12K.

Yo te prezante investisman jodi a yo apre yon panèl jij ki fè pati endistri OPI la ak kominote kapital-risk la te bay konpayi Luminate NY yo nòt ki baze sou prezantasyon biznis yo. Plis pase 600 patisipan ki te gen nan evènman an yo te gen opòtinite pou yo vote pou konpayi favori yo tou. Circle Optics te ranpòte Prim Chwa Odyans lan pou 10,000 dola.

[Luminate NY](#), ke NextCorps ap jere a, se pi gran akseleratè biznis pou jèn konpayi nan endistri OPI yo, ki se optik, fotonik, ak imajri. Akseleratè a baze nan Rochester, epi l ap chwazi dis konpayi pwometè chak ane epi yo ofri yo fòmasyon ak resous global pou fè vance teknoloji yo ak biznis yo. Y ap aksepte aplikasyon pou llyèm faz konpetisyon vizyonè a kounye a jiska 23 Septanm 2019. Konpayi k ap jwenn youn nan dis espas ki disponib nan pwochèn kòwòt la yo pral resevwa yon investiman 100,000 dola ominimòm ak gran investisman pou jiska 1 milyon dola. Konpayi ki enterese yo kapab aplike [isit la](#).

Gayan ane pase a, [Double Helix Optics](#), te aktivman rantabilize enfrastrikti optik nan rejyon Finger Lakes la. Li te fè patenarya ak konpayi optik Rochester yo pou yo devlope ak fabrike nouvo pwodui epi yo te kolabore ak kominote Ithaca/Cornell la pou fè vance fabrikasyon teknoloji mask faz ekskliziv yo a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la, Howard Zemsky te deklare, "Luminate NY, k ap ranfòse rejyon Finger Lakes kòm yon sant pou optik, fotonik, ak imajri, se youn nan plizyè konpetisyon inovatè k ap akselere konpayi ki an demaraj yo epi devlope gwoup estratejik endistri ak ekonomi yo toupatou nan Eta New York."

Direktè Jeneral Luminate NY la, Doktè Sujatha Ramanujan te deklare, "Kalib konpayi k ap patisipe ak konkiranse nan Luminate NY la yo fenomenal. Lè nou kontinye itilize ekosistèm rich ki egziste la, jèn konpayi sa yo pral kapab akselere livrezon inovasyon yo pou yo ka afekte endistri, kliyan, ak rejyon Finger Lakes la nan fason konsiderab."

Felix Kim, ki se Direktè Egzekitif Jeneral Ovitz la te deklare, "Se yon lonè ak yon privilèj pou n resevwa pri sa a. Ovitz te fèt ak grandi nan Rochester. Nan chak moman

enpòtan, nou te gen kominote sa a k ap sipòte nou. Nou gen plan pou n kontinye devlope konpayi a nan Rochester epi kontribiye nan kominote sa a."

Senatè Joe Robach te deklare, "Luminate NY e ajoute nan repitasyon rejyon nou an kòm yon lidè nan optik, fotonik ak imajri depi premye konpetisyon li an nan lane 2018. Felisitasyon a gayan ak benefisyè ane sa yo, ki gen opòtinite kounye a pou yo grandi ak devlope vizyon yo isit la menm nan Rochester. Antanke yon manm nan Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) Finger Lakes la, mwen fyè pou m wè yo fè investisman enpòtan sa a nan yon sektè enpòtan nan ekonomi lokal nou an epi mwen paka tann pou m wè siksè ak devlopman gayan Luminate NY ane sa yo."

Manm Asanble Harry Bronson te deklare, "Felisitasyon a gayan pri Ilyèm Faz Luminate New York Lighting Awards yo. Mwen konnen ke gayan jodi a yo ak espri antreprenaryal yo pral kreye pwòjè ki pral ofri travay ak kwasans ekonomik pou eta ak nasyon nou an alavni. Pri sa pral ede konstwi yon avni ki pi briyan pou fanmi nou yo."

Majistra Rochester a, Lovely A. Warren te deklare, "Mwen vle felisite Ovitz paske yo te chwazi yo kòm gayan Ilyèm Faz konpetisyon Luminate NY la isit la nan Rochester. Ovitz, ansanm ak, VPG Medical, Lumedica Vision ak Circle Optics se inovatè jodi a yo nan kad inisyav 'limen demen avèk jodi a'. Mwen rete rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak Empire State Development pou sipò yo bay inisyativ Finger Lakes Forward ak Luminate NY, sa k ap ede vil nou an rete alatèt endistri optik, fotonik, ak imajri a sou plan global, pandan l ap kreye plis djòb, katye ki pi an sekirite ak pi dinamik, ak pi bon opòtinite edikativ pou sitwayen nou yo."

Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pou Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council, REDC), te di, "Felisitasyon a tout ekip inovatè sa yo ke yo te chwazi pou patisipe nan Ilyèm Faz pwogram akseleratè inovatè Luminate NY la nan Rochester. Konpetisyon inik sa a pral ede rejyon an plis tabli tèt li kòm yon lidè global nan endistri pwodwi ak sèvis abaz limyè ki an devlopman yo, sa k ap ede inisyativ 'Finger Lakes Forward' la vanse pandan anpil ane k ap vini ankò."

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a ap konpleman pwogram "Finger Lakes Forward" la, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja investi plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 pou tabli fondasyon pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, gen pwojè pou jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)